Yàlla bind na ndogali mbindéef yi njëkk muy bind asamaan yi ak suuf si ci juróom-fukki junniy at

Jële nañu ci Abdullah Ibn Amr Ibnul Haasi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Yàlla bind na ndogali mbindéef yi njëkk muy bind asamaan yi ak suuf si ci juróom-fukki junniy at, mu daaldi wax: te boobu gàngunaayam ga ma nga ca kawum ndox».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne Yàlla bind na lépp luy am ci ndogali mbindéef yi cig faramface ci dund ak dee, ak wërsëg ak yeneen, ca àlliwó ja ñu sàmm(Lawhul Mahfuus) lu jiitu muy bind asamaan yi ak suuf si ci juróom-fukki junniy at, te dana am kem na ko Yàlla dogale, Lépp luy am ci ndogalu Yàlla ak kàttanam lay ame. Lépp lu jot nit ki naru ko woon a moy, te lépp lu ko moy naru ko woon a jot.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65038